# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–05 मई 2024** **भोजपुरी समाचार**

लोकसभा चुनाव के पहला अउर दुसरा फेरा क मतदान के बाद कई गो राजनीतिक दलन क सीनियर नेता अउर स्टार प्रचारक अउरियो फेरा के मतदान के ले के रैली, सभा अउर रोड़–सो कइ रहल हवें। येह दौरान ऊ अपने–अपने ओम्मेदवारन के पक्ष में जनता से ओट क अपीलि कइ रहल हवें। भाजपा क सीनियर नेता अउर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु इटावा के भरथना में भाजपा ओम्मेदवार के पक्ष में एगो चुनावी जनसभा के सम्बोधित कइलें। अपने सम्बोधन में उहां के कहलीं कि सपा मैनपुरी अउर इटावा के आ कांग्रेस अमेठी अउर रायबरेली के आपन बिरासति माने ले, जबकि भाजपा खातिर हर गरीब क घर बिरासति हौ। एके धियाने में रखि के भाजपा सरकार पूरा दस सालि गरीब कल्याण खातिर कार कइले हवे। जनसभा के सीनियर भाजपा नेता अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो सम्बोधित कइलें। ओहर सपा क राष्ट्रीय अध्यक्ष अखिलेश यादव आगरा लोकसभा क्षेत्र के जलेसर में एगो चुनावी जनसभा के सम्बोधित करत कहलें कि सत्ता में अइले के बाद हमार फोकस किसानन के करजा माफी पर होई। न्यूनतम समरथन मूल्य क अधिकार दे के हम किसानन के खुसहाल बनाइबि।

उहां के सरकार बनले के बाद अग्निवीर योजना के बन्द कइले क बाति कहलीं। अजुये सीनियर भाजपा नेता अउर उत्तराखण्ड क मुख्यमंत्री पुष्कर सिंह धामी बदायूं में भाजपा ओम्मेदवार दुर्विजय सिंह शाक्य के समरथन में रोड–सो कइलें।

**********

भाजपा क सीनियर नेता अउर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु देर संझा अजोध्या में रोड–सो करिहें। उनकर रोड–सो अजोध्या के सुग्रीव किला राम जन्मभूमि पथ से सुरू हो के लता मंगेस्कर चौक ले जाई अउर ओहीं पूरा होई। रोड–सो से पहिले श्री मोदी रामलला क दरसन–पूजन करिहें। येह दौरान उनके साथे भाजपा क सीनियर नेता अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो मौजूद रहिहें।

**********

लोकसभा चुनाव के तिसरका फेरा बदे चुनाव परचार आजु देर संझा खतम हो जाई। येह फेरा में प्रदेस क संभल, हाथरस, आगरा, फतेहपुर सिकरी, फिरोजाबाद, मैनपुरी, एटा, बदायूं, बरेली अअउर आंवला लोकसभा सीटिनि खातिर सात मई के ओट परी। येह फेरा बदे आजु सज्जो राजनीतिक दलन क नेता लोगि जमि के अपने क्षमता क परदरसन कइलें अउर पारटी ओम्मेदवार के पक्ष में ओट देवे क अपीलि कइलें।

**********

लोकसभा चुनाव क पचवां फेरा के चउदह संसदीय सीटिनि बदे कई गो राजनीतिक दलन क दुइ सौ छियानबे ओम्मेदवार परचा भरले हवें। काल्हि परचन क जांचि कइल गइल। छौ मई नांव वापसी क आखिरी तारीख हौ। मुख्य निर्वाचन अधिकारी नवदीप रिणवा बतवलें कि लखनऊ लोकसभा सीटि से सबसे बेसी एकतालीस ओम्मेदवार परचा भरले हवें। येह फेरा में प्रमुख ओम्मेदवारन में लखनऊ से भाजपा नेता अउर केन्द्रीय मंत्री राजनाथ सिंह, मोहनलालगंज से केन्द्रीय राज्यमंत्री कौशल किशोर सिंह, कांग्रेस पारटी क पूर्व अध्यक्ष राहुल गांधी, भाजपा नेता अउर केन्द्रीय मंत्री स्मृति ईरानी अउर सपा क प्रदेसा अध्यक्ष नरेश उत्तम पटेल क किस्मति दांव पर होई। पचवां फेरा के चउदह संसदीय सीटिनि पर बीस मई के ओट परी।

**********

प्रदेस में लोकसभा चुनाव क छठवां फेरा बदे नामांकन प्रक्रिया चलि रहल हौ। श्रावस्ती लोकसभा क्षेत्र बदे आजु बसपा ओम्मेदवार मोइनुद्दीन खान उर्फ दद्दन खान परचा दाखिल कइलें। छठवां फेरा बदे परचा दाखिल कइले क आखिरी तारीख छौ मई हौ। सात मई के परचन क जांचि कइल जाई। ओम्मेदवार नौ मई ले नांव वापिस ले सकिहें। छठवां फेरा में चउदह संसदीय सीटिनि–सुल्तानपुर, प्रतापगढ़, फूलपुर, प्रयागराज, अम्बेडकरनगर, श्रावस्ती, डुमरियागंज, बस्ती, संतकबीरनगर, लालगंज, आजमगढ़, जौनपुर, भदोही अउर मछलीशहर में पचीस मई का ओट परी।

**********

लोकसभा चुनाव क सतवां फेरा अउर आखिरी फेरा के मतदान क अधिसूचना आवे वाला सात मई के जारी कइल जाई। अधिसूचना जारी भइले के सथहीं परचा भरले क प्रक्रियो सुरू हो जाई। सतवां फेरा क नामांकन बदे लोकसभा क्षेत्रन में तइयारी सुरू कइ दीहल गइल हौ। येह फेरा में तेरह सीटिनि बदे चउदह मई ले परचा दाखिल कइल जा सकी। पनरह मई परचन क जांचि होई। नामांकन वापसी क आखिरी तारीख सतरह मई तय हौ। येह फेरा में–महराजगंज, गोरखपुर, कुशीनगर, देउरिया, बांसगांव, घोसी, सलेमपुर, बलिया, गाजीपुर, चंदौली, वाराणसी, मिर्जापुर, अउर राबर्ट्सगंज लोकसभा क्षेत्र खातिर एक जून के ओट परी।

**********

राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी–एनटीए चिकित्सा पाठ्यक्रमन में दाखिला बदे आजु देस भर में राष्ट्रीय पात्रता सह प्रवेस परीक्षा–नीट क आयोजन कइला ई परीक्षा देस भर के पांच सौ सत्तावन सहरन अउर देस से बहरे चउदह सहरन के कई परीक्षा केन्द्रन पर आयोजित कइल गइल। येह परीक्षा बदे चउबीस लाख से बेसी अभ्यर्थी पंजीकृत रहलें।

**********

सड़क परिवहन अउर राजमार्ग मंत्रालय सड़क यात्रियन बदे असुरक्षित मानल जाये वाला दुइ लेन क राष्ट्रीय राजमार्ग के खतम कइले क फैसिला कइले हौ। मंत्रालय भविस्य में चारि लेन, छौ लेन चाहे एक्सेस कंट्रोल राष्ट्रीय राजमार्गन क निरमाण करी, एहसे सड़कि दुरघटना में कमी आई।

**********